

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1. Kacindekan

Dumasar kana pedaran bab IV bisa dicindekeun lima hal ieu di handap:

- a) Dina ngagunakeun basa kecap-kecapna aya rupa-rupa kecap keur acuan anu sarua. Basa anu dipaké ogé can sampurna, basa Sunda masih kenéh dicampuran ku basa Indonesia.
- b) Kamampuh ngawasa kandaga kecap murid TK aya dina katégori kurang, tina 149 kecap anu diujikeun ka genep budak TK. Budak mampuh nyangkem 55 kecap (36,85%) basa Sunda jeung 71 kecap (47%) teu dipikanyaho ku budak. Kamampuh anu pangluhurna nyaéta budak TK 4 anu nyangkem 67 kecap (44,97%), kamampuh kadua pangluhurna nyaéta budak TK 6 anu mampuh nyangkem 60 kecap (40,2%), kamampuh anu katilu panglobana nyaéta budak TK 4 anu mampuh nyangkem 55 kecap (36,85%), anu pangluhurna kaopat nyaéta budak TK 1 anu mampuh nyangkem 53 kecap (35,56%), kamampuh panglobana ka lima nyaéta budak ka 3 anu mampuh nyangkem 51 kecap (34,17%), jeung anu panghandapna nyaéta budak TK 2 anu ngan nyangkem 47 kecap (31,54%).
- c) Ditilik tina warna kandaga kecap anu geus dicangking gundukan kecap anu panglobana dicangkem ku budak nyaéta istilah pancakaki 91,67%, anu panglobana kadua nyaéta kecap wilangan utama 83,33%. Kecap anu panglobana katilu nyaéta kecap pagawéan utama 81,81%, ngaran babagian awak mampuh dicangkem 75,54%, istilah kaayaan/sipat utama dicangkem 75%. Gundukan kecap anu pang saeutikna dicangkem ku budak nyaéta kecap gaganti jalma (sulur) jeung kecap panuduh.
- d) Kandaga kecap anu saluyu jeung umur budak téh nyaéta kecap-kecap anu patali jeung istilah pancakaki 91,67%, kecap wilangan utama 83,33%, kecap

pagawéan utama 81,81%, ngaran babagian awak 75,54%. Sesana kecap anu kurang luyu nyaéta kecap gaganti jalma (sulur) jeung kecap 75% panuduh lataran jumlah nu dikawasa siswa paling saeutik.

- e) Jaba tina kacindekan di luhur, ieu panalungtikan manggihan sababaraha kasus nyaéta (1) budak mikaharti naon nu diomongkeun sementara budak teu bisa ngomongkeun sorangna, (2) budak TK can maham kana istilah keur kecap pagawéan, (3) dina ngomongkeun istilah budak TK aya nu ngaleungitkeun fonem, (4) budak TK masih loba anu can mampuh ngomong fonem /r/, (5) dina istilah pancakaki aya istilah anu patukeurhili, (6) budak TK masih can bisa maham hal-hal anu abstrak, (7) budak TK teu konsisten nalika ditanya ngeunaan hiji istilah, (8) patuker istilah, (9) budak maké istilah anu teu ilahar, (9) nyingget istilah pancakaki, jeung (10) jeung budak maké dua basa (campur kodeu) keur ngagambarkeun hiji kecap dasar.

5.2. Saran

Sanggeus ngayakeun panalungtikan ngeunaan kandaga kecap basa Sunda budak TK unur 4-5 taun, aya sababaraha anu perlu diperhatikeun, nyaéta:

- a) Keur panalungtik
- 1) Ieu panalungtik leuwih museur kana kandaga kecap dasar budak umur 4-5 taun. Ku kituna, perlu diayakeun panalungtikan séjén dina kamekaran umur nu béda.
 - 2) Puseur kajian data ieu panalungtikan nyaéta kandaga kecap dasar anu ngawengku genep gundukan kecap, (1) istilah pancakaki, (2) babagian awak, (3) kecap gaganti ngaran (sulur) jeung kecap panuduh, (4) kecap wilangna utama, (5) kecap pagawéan utama, jeung (6) istilah kaayaan/sipat utama. Pikeun ngeuyeuban deui élmu ngeunaan kandaga kecap budak, kudu aya panalungtikan anu leuwih jero deui.
- b) Keur guru
- 1) Dina mimiti ngajarkeun basa Sunda guru ngajarkeun tina kandaga kecap anu mampuh dicangking ku budak panglobana nyaéta istilah pancakaki.

- 2) Budak kudu tuluy diasah kamampuh basana sangkan sistem linguistikna sampurna.